

Nan kou sa a, mwen toujou kòmanse kou a avèk yon sondaj.

Nan sondaj la, sa m fè?

Mwen mande etidyan yo yon seri kesyon ki trè senp.

Mwen mande yo: ki laj yo, ki sa y ap etidye, nan ki ane yo ye, kote yo te fèt, ki kote yo te viv, ki lang yo pale.

Epi, an menm tan tou, m poze yo kesyon pou m konnen ki sa yo panse de kontni kou a, men, san ke nou pa poze yo kesyon ki konplike.

M mande yo, pa egzanp, ki sa yo konnen sou lang kreyòl yo.

M mande yo pou yo defini ki sa yon "lang kreyòl" ye.

M mande yo ki jan yo ta defini ki sa "idantite" vle di.

M mande yo a ki sa yo panse lè yo tandé mo "Antiy", mo "Karayib" – a ki sa yo panse.

Lè kon sa, m vin konnen plizoumwen ki sa yo gen nan tèt yo pa rapò avèk lang kreyòl, idantite, Karayib...

Epi m sèvi avèk sa kounye a pou m kòmanse kou a, pou m konnen kote yo ye, pou m ka konnen ki kote yo vle ale.

E kounye a, detanzantan, m fè yon ti tchèk avè yo pou m konnen kouman lide yo chanje pandan ke klas la ap evolye.

Ou wè?

Pou mwen se yon bon teknik paske nan fen kou a, kounye a, m ka mezire ki kote yo te ye nan kòmansman kou a epi ki kote yo rive ale, sitou sou diferan dimansyon ki enpòtan pou klas la.

Kou wè: Chapant lang kreyòl, istorik lang kreyòl, rapò ant lang epi idantite, rapò ant lang avèk edikasyon ak devlòpman.

Donk, se kon sa mwen mezire pwogrè timoun yo tou.